



DÒMI AN SEKIRITE: LÈT

Dezyèm Sitasyon/Kontravansyon EEC Akoz Enkonfòmite

Dat:

Chè _____ ,

Dènyèman, yon reprezantan Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) te vizite pwogram swen/gadri timoun nou an. Pandan vizit sa a, reprezantan an te idantifye, pou dezyèm fwa, pwoblèm ki gen rapò ak non-konfòme ak pwosedi pou mete Tibebe Dòmi an Sekirite, sa ki te enplike tibebe ou a oswa yon lòt tibebe ki nan gadri a. Espesyalman, EEC te jwenn:

Yo te korije non-konfòmite sa a imedyatman., epi tout tibebe yo te rete nan gadri a

Yo pa t ka korije non-konfòmite a imedyatman., epi yo te voye youn oswa plizyè tibebe lakay yo jiskaske yo te kapab ofri yon espas ki an sekirite pou yo dòmi.

Pou diminye risk lanmò tibebe nan yon espas gadri akòz Lanmò Tibebe Sanzatann ki San Eksplikasyon (SUID) oswa Sendwòm Lanmò Tibebe Sanzatann (SIDS), EEC etabli yon [politik](#) sou pratik Dòmi an Sekirite pou tout timoun ki poko gen 12 mwa. Tout pwogram yo oblije swiv politik sa a pandan y ap bay tibebe yo swen. Politik sa a di tou ke si yo pa respekte egzijans Dòmi an Sekirite yo pandan plizyè fwa, sa ka lakòz yo pran aksyon legal sou lisans pwogram nan, aksyon sa yo enkli yon entèdiksyon pou pran swen tibebe ak/oswa revokasyon lisans pwogram nan.

Akoz rezilta vizit EEC ki sot pase a, yo fè m konnen pwoblèm Dòmi an Sekirite yo idantifye epi yo mande pou m soumèt yon plan koreksyon bay EEC. Tanpri note ke sa a se dezyèm vyolasyon pwogram nan ki gen rapò ak Dòmi an Sekirite epi, ki lakòz yon risk pou tibebe yo, EEC ka limite oswa revoke lisans pwogram nou an pou pran swen tibebe si yo jwenn plis non-konfòmite toujou ki gen rapò ak mete Tibebe Dòmi an Sekirite.

Si w gen enkyetid konsènan founisè gadri w genyen kounye a epi w bezwen èd pou w jwenn yon lòt opsyon gadri, Tanpri kontakte ajans [Resous ak Referans pou Gadri/Swen pou Timoun \(CCRR\) nan lokal ou a](#).

Mèsi paske w kontinye ede nou sipòte pratik Dòmi an Sekirite. Si w gen yon kesyon sou kontni lèt sa a, tanpri pa ezite kontakte mwen.

Sensèman,

Siyati Titilè Lisans la oswa Moun yo Deziyen an

Konfimasyon paran an resevwa lèt la: Tanpri siyen, mete dat la, epi retounen li bay pwogram nan.

Siyati paran:

Dat:

Revize Septanm 2026

50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109
Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov
mass.gov/EEC